



Prevansyon pou Moustik Pa Mòde Vwayajè yo



Moustik yo simaye anpil kalite virus ak parazit ki kapab lakòz ma - ladi tankou chikungunya, deng, Zika, ak malarya.

Pwoteje tèt ou ak fanmi ou pou moustik pa mòde ou. Men kijan:



Kouvri kò ou!

Mete chemiz manch long ak pantalon long.



Itilize yon pwodui ki anrejistre nan EPA (Ajans Pwoteksyon Anviwònman) pou pouse moustik.

Swiv enstwiksyon ki nan etikèt la avèk anpil atansyon.



Si w ap vwayaje avèk yon tibebe oswa yon timoun:


Pa itilize pwodui pou pouse ensèk sou tibebe ki poko gen laj 2 mwa.

Abiye timoun yo nan rad ki kouvri bra yo ak janm yo.



Kenbe moustik yo lwen chanm otèl ou oswa lojman ou.

Chèche è-kondisyone oswa griy nan fenèt ak pòt yo.



**Fanm ansent yo pa ta dwe vwayaje nan zòn ki gen Zika.
Si ou dwe vwayaje, pran plis prekosyon.**

Aprann plis:

Viris Zika https://www.health.ny.gov/diseases/zika_virus/

Moustik ak Malad http://www.health.ny.gov/diseases/west_nile_virus/

**Liy pou Jwenn
Enfòmasyon sou Zika**

1-888-364-4723



**Department
of Health**